

Chè Paran oswa Responsab,

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la kontan pou l anonse lansman ***Here Comes the Bus*** (HCTB) apati Otòn 2023. HCTB se yon sit entènèt ak aplikasyon fasil ki pèmèt paran yo wè kote otobis lekòl pitit yo ye sou yon telefòn entelijan, tablèt, oswa konpitè pèsònèl.

Pou kreye yon kont HCTB, elèv yo, **DWE** anrejistre nan yon wout otobis regilye oswa yon wout otobis ESE.

- Wout regilye yo mande pou [Register Your Ride \(Enskri pou monte otobis\)](#)
- Wout ESE mande pou yon demann transpò atravè lekòl ou a (si yo pa deja asiyen nan yon wout ESE)
- PIN SIS Elèv la obligatwa pou ajoute yon elèv nan HCTB, aksesib atravè [SIS Parent Gateway](#)
 - Paran ki pa gen aksè a SIS Gateway ap bezwen mande PIN Elèv la nan lekòl pitit yo

Ou kapab jwenn enstriksyon etap pa etap pou telechaje aplikasyon mobil lan ak enskri pou HCTB [isit la](#) ak sou sit entènèt Transpò Distri a.

Distri a kontan anpil sou kapasite HCTB pou l bay enfòmasyon ki pi ajou sou orè otobis yo, epitou pou amelyore eksperyans transpò anjeneral pou paran ak elèv yo. Mèsi pou sipò nou bay Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la!